# DWA AK RESPONSABLITE OU

## OU GEN DWA POU:

- Aplike pou èd la epi pou nou pran desizyon sou kalifikasyon ou san nou pa konsidere ras ou, si ou se fanm oswa gason, laj ou, andikap ou, relijyon ou, peyi kote ou sòti (kote ou fèt), oswa konviksyon politik ou. Si ou gen yon andikap ki limite ou nan nenpòt fason, tanpri fè nou konnen sa pou nou kapab fè aranjman pou ede ou. Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) se yon founisè sèvis ki ofri menm posiblite pou tout moun.
- An akò avèk lalwa federal sou dwa sivil ak règleman ak politik dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), USDA, Ajans li yo, biwo li yo, ak anplwaye li yo, ansanm ak enstitisyon k ap patisipe nan oswa k ap administre pwogram USDA yo entèdi pou yo fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, relijyon, sèks, andikap, laj, eta sivil, eta familyal/paran, revni ki sòti nan yon pwogram asistans piblik, kwayans politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan, nan nenpòt pwogram oswa aktivite USDA ap fè oswa finanse (tout baz yo pa aplikab pou tout pwogram yo). Rekou ak dat limit pou depoze plent yo varye selon pwogram nan oswa ensidan an. Moun ki andikape ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo karaktè, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye) ta dwe kontakte Ajans Eta a oswa Ajans lokal ki administre pwogram nan oubyen kontakte USDA atravè Sèvis Relè Telekominikasyon nan 711 (vwa ak TTY). Anplis, enfòmasyon sou pwogram yo kapab disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòm Plent pou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, AD-3027, ou ka jwenn li sou entènèt nan Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan epi nan nenpòt biwo USDA oubyen ekri yon lèt adrese bay USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan. Pou mande yon kopi fòmilè plent lan, rele (866) 632-9992. Soumèt fòm oswa lèt ou fin ranpli a bay USDA pa: (1) lapòs: USDA Food and Nutrition Administration, George Washington Carver Center, 5601 Sunnyside Avenue, Beltsville, MD 20740; oubyen (2) imèl: FNACIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov. USDA se yon founisè, anplwayè ak kreditè ki bay opòtinite egal.
- Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (HHS) respekte lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, relijyon oswa sèks. HHS pa eskli moun oswa trete yo yon fason diferan akoz ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, relijyon oswa sèks yo. HHS: Bay èd ak sèvis gratis pou moun ki andikape pou yo ka kominike byen avèk nou, tankou: Entèprèt lang siy kalifye, Enfòmasyon ekri nan lòt fòma (gwo lèt, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma). Bay sèvis lang gratis pou moun ki pa pale angle kòm lang prensipal, tankou: Entèprèt kalifye, Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang. Si ou bezwen sèvis sa yo, kontakte HHS nan 1-877-696-6775. Si ou kwè HHS pa t bay sèvis sa yo oswa li te diskrimine nan yon lòt fason akoz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon plent bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo pou Dwa Sivil, elektwonikman atravè Pòtal Plent Biwo pou Dwa Sivil la, oswa pa lapòs oswa pa telefòn nan: Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, 200 Independence Avenue, SW, Sal 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD).
- Aplike pou èd la sou entènèt nan aplikasyon sou sitwèb. Oswa, ou kapab remèt yon aplikasyon sou papye nan yon sant sèvis zòn ou, oswa ba yon asosye kominote, oswa ou kapab voye li pa lapòs, oswa fakse li. Ou kapab remèt yon aplikasyon ou pa fin ranpli (swa sou sitwèb la oswa sou papye), depi li gen non ak adrès ou sou li, epitou depi li gen siyati ou oswa siyati yon lòt manm responsab ki lakay, oswa siyati yon moun k ap pran desizyon pou ou kòm reprezantan ki otorize oswa deziyen.
- Pou yo pase w entèvyou epi pou yo fè w konnen si w kalifye nan lespas 30 jou apati lè w te remèt yon aplikasyon SNAP siyen. Aplikasyon pou Medicaid ak Asistans Finansye Tanporè ka pran 30 a 45 jou (90 jou pou Medicaid si yo konsidere andikap ou a lè y ap deside si w kalifye).
- Fè anplwaye DCF, oswa yon lòt moun ede ou ranpli fòm yo. Fè nou konnen si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon nou bezwen yo.
- Resevwa, oswa fè yon moun resevwa pou ou, avantaj ou kalifye pou resevwa yo, epitou resevwa notifikasyon rapid sou nenpòt desizyon nou pran sou aplikasyon ou oswa sou nenpòt chanjman nou fè nan avantaj ou yo.
- Fè ou konnen lòt pwogram nou genyen ki ta ka ede ou oswa fanmi ou.
- Ou gen dwa tou pou mande pou gen yon odyans devan yon ofisye odyans eta a. Nan odyans lan, ou kapab vini avèk yon moun oswa ou kapab fè yon moun reprezante ou, tankou yon avoka, yon manm fanmi, yon zanmi oswa nenpòt lòt moun. Si ou vle pou gen yon odyans, ou dwe mande pou odyans lan alekri, depi ou rele Sant Apèl Kliyan an, oswa depi ou vini nan biwo a nan 90 jou ki vini apre dat ou resevwa avi ou sou dosye ou. Si ou mande pou gen yon odyans nan fen dènye jou mwa a anvan dat aksyon negatif la anvigè, avantaj ou yo ka kontinye nan nivo anvan an jouk lè yo pran yon desizyon sou odyans lan. W ap responsab pou ranbouse nenpòt avantaj ou te kontinye ap resevwa, si desizyon yo pran nan odyans lan pa anfavè ou. Si ou bezwen enfòmasyon sou fason pou resevwa konsèy legal gratis, ou kapab rele Sant Apèl Kliyan ACCESS Florida gratis nan nimewo 1-866-762-2237 pou jwenn yon lis ajans legal gratis nan zòn ou.
- Fè enfòmasyon nou resevwa sou ou oswa sou moun k ap viv lakay ou pwoteje jan lwa federal ak lwa leta egzije sa.
- Deziyen paran adilt timoun yo oswa yon moun k ap jwe wòl paran kòm benefisyè (moun k ap resevwa avantaj asistans manje ou). Si pa gen timoun nan gwoup asistans ou, lè sa a benefisyè a dwe se pou ki touche plis lajan an.

## OU GEN RESPONSABLITE POU:

(**NÒT:** Ou gen menm responsablite yo si ou aplike sou non yon lòt moun.)

- Ban nou prèv ki pa manke anyen epi ki kòrèk pou enfòmasyon nou mande ou yo, nan limit tan nou ba ou a, pou detèmine si ou kalifye pou èd la.
- Itilize avantaj Èd Lajan Kach pou yon ti tan nan pi bon avantaj timoun ki nan gwoup èd ou. Lwa eta Florida fè konnen si yon moun itilize lajan li resevwa pou sipò yon timoun oswa pou sipò plizyè timoun pou yon lòt rezon, moun sa a ka peye amann, li ka ale nan prizon, oswa li ka alafwa peye amann epi ale nan prizon.
- Deklare si moun ki lakay ou ki aplike pou èd la se sitwayen ameriken oswa si yo pa sitwayen ameriken, depi ou siyen aplikasyon an pou asistans lan. Ou dwe bay prèv kondisyon non-sitwayènte ki sòti nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou tout moun ki pa sitwayen ameriken ou mande èd pou yo a. Nou ka mande USCIS pou konfime enfòmasyon sa yo. Enfòmasyon USCIS ban nou yo ka afekte kalifikasyon ou ak kantite avantaj ou yo. Prèv kondisyon nan USCIS pa obligatwa pou moun ou pa mande èd pou yo.


continued on next page)

- Aplike pou avantaj yo nan lòt sous si aplikasyon sa a, oswa si enfòmasyon nou resevwa yo, montre ou ta ka kalifye pou avantaj sa yo. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje.)
- Afekte dwa sipò timoun nan eta a, epi kolabore avèk Egzekisyon Sipò Timoun (CSE) lè y ap detèmine patènite, ak lè y ap jwenn sipò nan men yon paran absan timoun ki sou responsablite ou, sof si ou kapab montre CSE rezon valab pou pa fè sa. (Pou Pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, ou dwe afekte dwa ou ba eta a. Afektasyon dwa ba eta a pa aplike pou Pwogram Asistans Manje.)
- Rapòte nenpòt plan asirans oswa lòt plan sante ki ka peye frè medikal yo pou ou oswa pou yon moun k ap viv lakay ou lè ou mande èd pou li. Ou dwe afekte dwa ou ba eta a tou pou nenpòt peman w ap resevwa nan asirans oswa nan lòt plan sante, sof si ou kapab montre nou yon rezon kui valab pou pa fè sa. (Sa aplike pou nenpòt moun ki aplike pou èd oswa k ap resevwa èd nan Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan, nan Pwogram Asistans pou Refijye, oswa nan Pwogram Medicaid.)
- Patisipe nan aktivite travay pwogram Asistans Manje, pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, pwogram Travay ak fòmasyon nan Èd pou Refijye. Sa gen ladan anrejistreman non ou pou travay, sof si nou te fè ou konnen ou pa gen pou fè sa.
- Rapòte ban nou, nan 5 jou ouvrab, si yon timoun ki nan fanmi ou pral kite kay la pou 30 jou oswa plis. (Sa aplike pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan sèlman). Rapòte ban nou, nenpòt chanjman nan sitiyasyon ou dapre egzijans pwogram nan.
- Rapòte tout chanjman nan kay la nan lespas 10 jou, tankou nenpòt chanjman nan kote moun nan rete ak/oswa adrès postal (Sa aplike pou Pwogram Asistans Finansye Tanporè ak Pwogram Medicaid).
- Rapòte lè revni brit mansyèl kay ou a depase limit revni brit 130% pou gwosè kay ou a. Sa dwe rapòte anvan 10$^{yèm}$ jou nan mwa apre mwa chanjman an. Yo ankouraje moun nan kay la pou yo rapòte nenpòt chanjman nan adrès kote y ap viv ak/oswa adrès postal (Sa a aplike sèlman pou Pwogram Asistans Alimantè a).
- Pou asistans alimantè, ou dwe rapòte lè ou menm oswa yon manm kay ou resevwa lajan brit (anvan taks oswa lòt montan yo kenbe) nan lotri oswa jwèt aza epi montan an se $4750 oswa plis, si li genyen nan yon sèl jwèt. Yo dwe rapòte chanjman sa a nan lespas 10 jou apre fen mwa chanjman an fèt la.
- Pou èd manje, yon adilt kosto ki pa gen depandan se laj 18 jiska 64 ane; ki anfòm sou plan fizik ak mantal pou travay; ki p ap viv epi ki pa manje avèk yon timoun ki poko gen 18 tan; ki pa ansent; epi ki pa egzante nan kondisyon travay nan pwogram jeneral travay pou jwenn èd manje. Adilt Kosto San Depandan yo dwe rapòte lè kantite èdtan travay yo tonbe anba 20 èdtan pa semèn pou yon mwayèn 80 èdtan pa mwa.
- Pou asistans manje alimantè, ou dwe rapòte nenpòt granmoun nan kay ou ki kondane pou sèten akizasyon federal oswa leta apati 8 fevriye 2014, oswa apre epi ki pa konfòme yo <u>avèk</u> kondisyon pwobasyon/libète kondisyonèl yo. Moun sa yo p ap kalifye pou resevwa asistans alimantè. Akizasyon yo gen ladan yo agresyon seksyèl agrave, asasina, eksplwatasyon seksyèl, oswa lòt abi sou timoun ki gen ladan agresyon seksyèl jan Lwa sou Vyolans Kont Fanm 1994 la defini l (Sa a aplike sèlman pou Pwogram Asistans Alimantè a).
- Fè yon reyinyon avèk yon responsab lekòl pou chak timoun ki gen laj pou lekòl (laj 6 ane jiska laj 17 ane) pandan chak semès pou pale osijè pwogrè timoun nan fè nan travay lekòl oswa osijè pwoblèm li nan lekòl la. Si ou pa fè reyinyon sa a, nou ka retire ou nan Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan, epitou nou ka diminye asistans lajan kach ou, sof si ou kapab montre ou gen yon rezon valab pou pa fè reyinyon an. (Sa aplike pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan sèlman.)
- Fè timoun ki gen laj pou lekòl pre-matènèl (laj 0 ane jiska laj 4 ane) pran dènye vaksen yo. (Sa aplike pou Pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan sèlman.)
- Kowopere avèk ofisyèl leta ak federal yo pandan yon revizyon Kontwòl Kalite lè w patisipe nan yon entèvyou, ba yo nenpòt dokiman yo mande, epi pèmèt yo kontakte lòt moun, tankou anplwayè w oswa mèt kay la, pou konfime enfòmasyon w yo.
- Ranbouse Depatman Timoun ak Fanmi pou nenpòt avantaj ou pa kalifye pou resevwa. Nou kapab retire kantite lajan ou dwe a nan peman avantaj asistans lajan kach ou pa mwa, oswa nan avantaj asistans manje ou jouk lè ou fin ranbouse tout kantite lajan an. Si gen yon peman Medicaid anplis ki fèt, se oumenm k ap gen pou ranbouse kantite lajan an.
- Ban nou Nimewo Sekirite Sosyal (SSN), oswa aplike pou yon SSN, pou tout moun lakay ou lè ou mande èd pou yo. Sa aplike pou pwogram Èd Manje, pwogram Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan ak pwogram Medicaid. Ou pa gen pou aplike pou yon SSN oswa pou bay youn pou nenpòt moun lakay ou lè ou pa mande èd pou yo. Men, ou ka gen pou ban nou enfòmasyon sou revni ak byen sou moun yo pou nou detèmine kalifikasyon moun k ap viv lakay ou lè ou mande èd pou yo.

**DEPATMAN TIMOUN AK FANMI GEN DWA POU:**

- Kontakte nenpòt moun ki nesesè pou deside si ou kalifye pou èd la, oswa nou ka kontakte nenpòt lòt moun ou aplike pou li oswa w ap resevwa èd pou li.
- Itilize konparezon nan òdinatè avèk lòt ajans pou konfime kantite revni ak byen ki disponib pou ou ak pou moun ou aplike pou èd pou yo, oswa pou moun w ap resevwa èd pou yo. Kantite lajan avantaj ou ka chanje selon enfòmasyon sa yo.
- Aplike nan yon limit 48 mwa sou kantite mwa fanmi yo kapab resevwa avantaj Èd Lajan Kach pou yon Ti Tan. Limit sa a aplike sou fanmi ki gen omwen yon adilt ki kalifye, sof si adilt la kalifye pou eksepsyon oswa si Konsèy Administrasyon Mendèv Rejyonal la akòde li yon pwolongasyon nan asistans pou pwoblèm ekonomik.

**AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION, AHCA) GEN DWA POU:**

- Divilge enfòmasyon sou avantaj medikal ak enfòmasyon sou avantaj Medicaid ba konpayi asirans oswa ba lòt konpayi plan sante ki fè peman medikal pou yo kapab voye bòdwo pou sèvis swen sante moun ki nan gwoup asistans Medicaid ou yo resevwa. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje oswa pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan.)
- Resevwa peman pou depans medikal nan sous ki diferan avèk Medicaid, tankou konpayi asirans oswa lòt konpayi plan sante. (Sa pa aplike pou Pwogram Asistans Manje oswa pou Pwogram Asistans Lajan Kach pou yon ti tan.)
- Rasanble ak revize kopi enfòmasyon medikal ak enfòmasyon finansye sou depans Medicaid peye pou swen sante.
- Resevwa ranbousman pou peman Medicaid fè pou yon moun k ap resevwa lajan nan yon jijman, yon rekonpans, yon aranjman, yon asirans oswa kèk lòt sous ki gen responsablite legal. Moun nan, avoka moun nan oswa konpayi asirans moun nan dwe fè AHCA konnen tout peman posib yo nan nenpòt nan sous yo.
- Fè yon reklamasyon kont byen yon moun ki mouri epi ki t ap resevwa Medicaid pou ranbousman dèt Medicaid. Si yon moun ki gen laj 55 ane oswa plis ap resevwa avantaj Medicaid, sa kreye yon dèt nan AHCA pou kantite lajan peman Medicaid fè anvan moun nan mouri. Moun ki reprezante byen yo dwe fè Inite Rekouvreman Byen AHCA konnen lè pwosesis la kòmanse pou tribinal


continued on next page)

• bay otorizasyon pou testaman an. (Sa pa aplike pou Pwogram Epay Medicare.)

**ENFÒMASYON SOU LWA FLORIDA KONT FWOD**

Si yon moun (ansanm ak reprezantan ki deziyen oswa ki gen otorizasyon) konnen li pa di laverite, si li kache enfòmasyon yo, si li fè tankou li se yon lòt moun, si li pa gen tout enfòmasyon ki nesesè sou li, moun (yo) moun sa a aplike pou li (yo) a, oswa lòt moun ki nan kay moun sa a, oswa si moun nan fè nenpòt lòt bagay ki ilegal yon fason pou li ka jwenn avantaj piblik eta oswa avantaj piblik federal, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa eta oswa lwa federal otorize sa. Answit, si yon moun (ansanm ak reprezantan ki deziyen/ki gen otorizasyon) fè espre pou pa rapòte yon chanjman nan sikonstans yo yon fason pou li ka kontinye resevwa èd oswa avantaj li pa ta dwe resevwa, oswa yon fason pou li ka resevwa plis avantaj pase sa li ta dwe jwenn, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa eta oswa lwa federal otorize sa. Si yon moun fè espre pou ede yon lòt moun fè nenpòt nan zak ki endike anwo a, moun sa a koupab pou yon krim, epi l ap jwenn pinisyon jan lwa federal oswa lwa eta otorize sa. W ap jwenn enfòmasyon yo nan Seksyon 414.39, Lwa Jeneral Eta Florida. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou lwa sa a nan biwo asistans piblik zòn ou, oswa sou Entènèt.